



## ***Buur Du Mbokk* EXERCISES**

### **EXERCISE 1: Identifying the Characters**

1. Yan yere la buur sol?
2. Ñan ñoo fekke woote buur bi ?
3. Kan moo yégle woote buur?
4. Fan la buur woote?
5. Kan la buur bëgg a faat?
6. Ñan ñoo njëkk a wuyusi buur?
7. Lan la Sàmba Xujja Njaay def buur?
8. Lan la buur yore ci loxoom?
9. Ñaata nit ñoo nekk ci waxtaan wi?

### **EXERCISE 2: Reading Comprehension: Choose the right answer between A, B and C**

1. **Kañ la buur woote?**
  - A. Tàkkusaan.
  - B. Guddi.
  - C. Bu ñu jullee tàkkusaan ba noppi.
2. **Lan la buur bëgg a yégle?**
  - A. Dafa am kóllère.
  - B. Dafay faat Sàmba Xujja Njaay.
  - C. Tey mooy mujjeelu dundam ci kaw suuf.
3. **Lan la Sàmba Xujja Njaay def ba buur ne ko: “tey mooy sa mujjeelu dund ci kaw suuf”?**
  - A. Dafa fàtteli ne moom ak waajuram la woon.
  - B. Dafa réere mbir.
  - C. Dafa tuur ñam ci kaw yerey buur.

4. **Lan la Binta wax ba jigéen ñi toogee di xaar buur ñów?**

- A. Moo ma jaaxal.
- B. Mu ngi bëgg a guddee de.
- C. Woote buur de, wuyuji doŋ moo ci war.

**EXERCISE 3: Matching. Match the expressions in column A with their equivalent or corresponding phrase in column B**

**Column A**

- 1) Bu ñu jullee tàkkusaan ba noppi
- 2) Ee man de, moo ma jaaxal!
- 3) Woote buur de, wuyuji doŋ moo ci war.
- 4) Tey mooy sa mujjeelu dund ci kaw suuf
- 5) Mësuma jéggi yoon
- 6) Ñun buur amuñu kóllëre!
- 7) Danga fàtte ne
- 8) Ma di ko weddi
- 9) Réérewuma mbir sax
- 10) Buur defal lu la sóób

**Column B**

- a) Danga réére mbir ne
- b) Buur, defal lu la neex.
- c) Bu ñu jullee tàkkusaan ba pare
- d) Ñun buur amuñu xarit
- e) Jaaxle naa ci loolu
- f) Ma bañ koo gëm
- g) Mësuma def lu warul
- h) Fàttewuma ko sax
- i) Buur bu woote ñépp a wara wuyuji
- j) Tey ngay dee

**EXERCISE 4: Fill in the blank by using words from the glossary**

Aysatu dafa \_\_\_\_\_ ci woote buur bi. Binta moom dafa gëm ne woote buur \_\_\_\_\_ doŋ moo ci war. Buur dafa \_\_\_\_\_ ci këram ngir yégle waa dëkk bi ne dafay \_\_\_\_\_.

Sàmba Xujja Njaay. Waaye ci biir waxtaan wi, buur xamal na Sàmba Xujja ne ñoom buur, ci seen \_\_\_\_\_ doŋ lañuy \_\_\_\_\_.

Bu Sàmba Xujja ñaanee buur ndax mu \_\_\_\_\_ ko, buur dafa ko xamal ne ko ñoom amuñu \_\_\_\_\_. \_\_\_\_\_ bu \_\_\_\_\_ ci ay yereem moo tax buur bëgg a faat ab \_\_\_\_\_ bu nekk ak moom lu ëpp \_\_\_\_\_ at.

**EXERCISE 5: Ask questions corresponding to the underlined words.**

Misaal: Buur woote na ñépp.

- |                       |            |
|-----------------------|------------|
| Kan moo woote ñépp?   | (Buur ba)  |
| Lan la buur ba def?   | (Woote na) |
| Kan la buur ba woote? | (Ñépp)     |

1. Sàmba Xujja Njaay dafa tuur ñam ci kaw yerey Buur démb ba mu koy indil reer.
2. Léegi, Buur dafa bëgg a faat Sàmba Xujja Njaay.
3. Waaye Sàmba Xujja Njaay lëggéy na lu ëpp fanweeri at ak buur te mësul a jéggi yoon.

**EXERCISE 6: Listening comprehension.** Watch the conversation and answer these questions.

1. Lu tax Buur bëgg a faat Sàmba Xujja Njaay?
2. Lan la Sàmba Xujja Njaay doon ci buur?
3. Lan la géwël gi def bi muy yégle xibaar bi?
4. Nan la jigéen ñi defoon ba buur doon wax ?
5. Lan la Aysatu waxoon?
6. Ndax buur dafay jéggal Sàmba Xujja Njaay?
7. Lan la buur yore bi muy wax ak Sàmba Xujja Njaay?

8. Lan la waxtaan bi tēnk?
9. Kan la Sàm̄ba Xujja Njaay njēkkoon a nekkal?
10. Lu tax Sàm̄ba Xujja ne “buur du mbokk”?

**EXERCISE 7: Answer with yes or no, followed by a complete sentence.**

1. Ndax buur ku njool la?
2. Ndax Buur ku soxor la?
3. Ndax Sàm̄ba Xujja doomu buur la?
4. Ndax Buur mbokk la?
5. Ndax Aysatu ku ñuul la?
6. Ndax Géwēl gi yégle doŋ la def ?
7. Ndax ñam li dafa tuuru ci yerey buur?
8. Ndax Sàm̄ba Xujja Njaay ci biir kēr gi la ko buur di faat?
9. Ndax Binta dafa yore dara ci gém̄miñam?
10. Ndax buur yere bu weex la sol?

**EXERCISE: Find the antonyms of these words in the text.**

Jaar yoon	_____	Dee	_____
Njēkk	_____	Fàtteliku	_____
Naaje	_____	Ñàkk kóllère	_____
Takk	_____	Jéggalu	_____
Gēm	_____		

**EXERCISE 9: Summarize the dialogue in your own words.**

---



---



---



---



---

---

---

---

**EXERCISE 10: Role play:** Rehearse and perform the skit using Urban Wolof, Lebu Wolof or Wolof bu Xóót. Be mindful to reflect the local culture, gestures and other kinesic aspects of language.